

## KONSANTMAN (CONSENT)

**AVI POU PASYAN YO:** Depatman Sèvis Sosyal ak Sante (DSHS) kapab ede ou pi byen si nou anmezi pou travay avèk lòt ajans ak pwofesyonèl ki konnen ou ak fanmi ou. Depi ou siyen fòm sa a, ou bay pèmasyon pou DSHS ak ajans ak moun ki endike anba la a itilize ak divilge enfòmasyon konfidansyèl ki konsène ou. DSHS pa kapab refize ou avantaj yo si ou pa siyen fòm sa a, sof si konsantman ou nesès pou detèmine kalifikasyon ou. Si ou pa siyen fòm sa a, DSHS ka toujou divilge enfòmasyon ki konsène ou nan limit lalwa otorizasyon pou sa. Si ou gen kesyon konsènan fason DSHS divilge enfòmasyon konfidansyèl pasyan yo, oswa konsènan dwa ou genyen pou sekrè enfòmasyon, tanpri al gade Avi DSHS sou Pratik Sekrè Enfòmasyon, oswa mande moun ki ba ou fòm sa a.

IDANTIFIKASYON PASYAN:			
NON	DAT NESANS	NIMEWO IDANTIFIKASYON	
ADRÈS	VIL	ETA	KÒD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN (METE KÒD REJYONAL)	LÒT ENFÒMASYON		

**KONSANTMAN:**

Mwen dakò pou yo itilize enfòmasyon sekrè ki konsène mwen nan DSHS pou planifye, ofri, ak kowòdone sèvis, tretman, peman, ak avantaj yo pou mwen oswa pou lòt objektif lalwa otorize. Answit, mwen bay pèmasyon pou DSHS ak ajans ki endike anba la yo, founisè yo, oswa lòt moun pou itilize enfòmasyon sekrè mwen yo, ak divilge yo youn ba lòt pou rezon sa yo. Nou ka divilge enfòmasyon yo nan bouch, oswa nan transfè done nan òdinatè, pa lapòs, oswa livrezon men-nan-men.

Tanpri tcheke tout moun anba la yo ki endike nan konsantman sa a anplis DSHS, epitou idantifye yo selon non yo ak adrès yo:

Founisè swen sante: \_\_\_\_\_

Founisè swen sante mantal: \_\_\_\_\_

Founisè sèvis pou akoutimans nan sibstans chimik: \_\_\_\_\_

Lòt founisè ki gen kontra avèk DSHS: \_\_\_\_\_

Pwogram lojman yo: \_\_\_\_\_

Distri lekòl yo oswa kolèj yo: \_\_\_\_\_

Depatman Koreksyon yo: \_\_\_\_\_

Depatman Sekirite Travay ak patnè travay li yo: \_\_\_\_\_

Administrasyon Sekirite Sosyal oswa lòt ajans federal: \_\_\_\_\_

Gade lis ou jwenn nan

Lòt:

Mwen bay otorizasyon epitou mwen dakò pou yo divilge dosye ak enfòmasyon ki endike anba la yo (tcheke tout sa ki aplike pou ou):

Tout dosye pasyan mwen

Dosye ki sou lis ou jwenn lan

Sèlman dosye ki endike anba la yo

Istwa fanmi, istwa sosyal ak istwa travay

Dosye peman

Lòt (endike): \_\_\_\_\_

Enfòmasyon sou swen sante

Evalyasyon endividyèl yo

Plan tretman oswa plan swen

Lekòl, edikasyon, ak fòmasyon

**TANPRI SONJE: Si dosye pasyan ou gen ladan nenpòt nan enfòmasyon sa yo, ou fèt pou ranpli seksyon sa a pou mete dosye sa yo.**

Mwen bay pèmasyon pou divilge dosye ki endike anba la yo (tcheke tout sa ki aplike pou ou):

Sante mantal

Rezilta tè, dyagnostik, oswa tretman VIH/SIDA ak STD

Sèvis pou Akoutimans nan Sibstans Chimik (CD)

- **Konsantman sa a valid pou**  **yon ane**  **toutotan DSHS bezwen dosye yo, oswa**  **jouk nan** \_\_\_\_\_ **(dat oswa evènman).**
- **Mwen ka anile oswa retire konsantman sa a nenpòt kilè alekri, men sa p ap afekte okenn enfòmasyon yo divilge deja.**
- **Mwen rekonèt dosye yo divilge yo dapre konsantman sa a ka pa pwoteje ankò anba lwa ki aplike pou DSHS.**
- **Yon kopi fòm sa a valid pou bay pèmasyon mwen pou divilge dosye yo.**

SIYATI	DAT	KONTAK AJANS/SIYATI TEMWEN	DAT
SIYATI PARAN OSWA LÒT REPREZANTAN (SI GENYEN)		NIMEWO TELEFÒN (METE KÒD REJYONAL)	DAT

Si mwen pa moun ki nan dosye yo, mwen gen otorizasyon pou siyen paske mwen se: (tache prèv otorizasyon an)

Paran

Responsab Legal (tache lòd tribinal)

Reprèzantan pèsònèl

Lòt:

**AVI POU MOUN KI RESEVWA ENFÒMASYON YO:** Si dosye sa yo gen enfòmasyon sou VIH, STD, oswa SIDA, ou pa ka divilge enfòmasyon yo ankò san pèmasyon espesifik pasyan an. Si ou te resevwa enfòmasyon ki asosye avèk abi dwòg oswa alkòl pasyan an, ou dwe mete deklarasyon ki endike anba la a lè w ap divilge enfòmasyon yo ankò, jan 42 CFR 2.32 egzije sa:

Yo divilge enfòmasyon sa yo ba ou ki sòti nan dosye règ federal pou konfidansyalite pwoteje (42 CFR, pati 2). Règ federal entèdi pou fè nenpòt lòt divilgasyon avèk enfòmasyon sa yo, sof si lòt divilgasyon jwenn pèmasyon espesyal nan konsantman ekri moun enfòmasyon yo konsène a, oswa jan CFR, pati 2 bay otorizasyon pou sa. Yon otorizasyon jeneral pou divilgasyon enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA ase pou objektif sa a. Règ federal entèdi nenpòt itilizasyon enfòmasyon pou fè ankèt kriminèl, oswa pou pouswiv nenpòt pasyan lajistis pou abi alkòl oswa dwòg.

## ENSTRIKSYON POU RANPLI FÒM KONSANTMAN AN

**Objektif:** Itilize fòm sa a lè ou bezwen konsantman pou itilize enfòmasyon sekre sou yon baz kontini konsènan yon pasyan nan DSHS, oswa pou divilge enfòmasyon yo ba lòt ajans pou kowòdone sèvis yo, oswa pou tretman, peman, oswa fonksyonman ajans, oswa pou lòt rezon lalwa rekonèt. Pasyan yo se moun ki resevwa avantaj oswa sèvis nan DSHS.

**Itilizasyon:** Ranpli fòm sa a avèk mwayen elektwonik si li posib, pou fasilite lekti a. **Ou dwe ranpli yon fòm apa pou chak moun, ak pou timoun yo tou.** "Oumenm" ki nan enstriksyon yo vle di anplwaye DSHS, epi "oumenm" ki sou fòm nan vle di pasyan an. Divilgasyon dosye yo gen ladan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sekre sou yon pasyan.

### Pati Fòm nan:

#### IDANTIFIKASYON:

- **NON:** Bay non yon pasyan sèlman sou chak fòm. Mete nenpòt ansyen non pasyan an te ka itilize lè li t ap resevwa sèvis yo.
- **Dat nesans:** Nesesè pou idantifye pasyan an avèk moun ki gen menm non yo.
- **Nimewo Idantifikasyon:** Bay yon nimewo idantifikasyon pasyan, oswa lòt idantifikatè, tankou yon nimewo sekirite sosyal (ki pa obligatwa) pou ede idantifye dosye yo, ak pou swiv istwa ak sèvis pasyan an resevwa yo.
- **Adrès ak telefòn:** Lòt enfòmasyon k ap ede chèche ak idantifye oswa kontakte pasyan an.
- **Lòt:** Mete nan kaz sa a nenpòt lòt enfòmasyon ki ka ede jwenn dosye ki ka gen pati DSHS ladan ki asosye avèk sèvis yo, non manm fanmi, oswa lòt enfòmasyon enpòtan.

#### KONSANTMAN (OTORIZASYON):

- **Ajans oswa moun ki fè echanj done yo:** Lè pasyan an ranpli fòm sa a sa ap pèmèt yo itilize ak divilge enfòmasyon sekre yo ba tout moun ki nan DSHS. DSHS ap anmezi pou divilge ak resevwa enfòmasyon sekre ki sòti deyò ajans oswa moun ki endike yo. Bay enfòmasyon idantifikasyon sou ajans yo oswa sou founisè yo, tankou non, adrès oswa lokal si li posib. Ou ka tache tou yon lis ajans ki gen pèmasyon pou divilge enfòmasyon yo, epitou pasyan dwe siyen pou sa.
- **Enfòmasyon ki gen ladan:** Pasyan yo dwe endike ki dosye ki konsène nan konsantman an. Pasyan yo ka mete tout dosye yo disponib, oswa yo ka limite dosye yo mete yo selon dat, kalite, oswa sous dosye. Si yon pasyan pa siyen yon konsantman, oswa si li pa espesifye yon dosye patikilye, ap toujou gen pèmasyon pou yo divilge dosye a, si lalwa otorize sa. Ou ka tache yon lis dosye konsène pasyan an dwe siyen tou. Si nenpòt dosye gen enfòmasyon ladan ki asosye avèk sante mantal (RCW 71.05.620), tès VIH/SIDA oswa tès STD oswa tretman (RCW 70.02.220), oswa sèvis pou abi dwòg oswa alkòl (42 CFR 2.31(a)(5)), pasyan an dwe make zòn sa yo espesyalman pou bay pèmasyon pou divilge dosye sa yo. Fòm sa a pa valab pou mete nòt siko-terapi dapre 45 CFR 164.508(b)(3)(ii), epitou yon fòm apa fèt pou ranpli pou mete dosye sa yo ladan.
- **Dire:** Mete yon dat espirasyon pou konsantman ki sèvi objektif pwogram ou, oswa jan lalwa prevwa sa.
- **Konpreyansyon:** Asire pasyan an konprann ki pèmasyon li bay la, epi fason ak pou kisa y ap divilge enfòmasyon yo. Si li nesèsè, itilize yon fòm ki tradui ak yon entèprèt, oswa li fòm nan awotvwa. Si pasyan an bezwen plis enfòmasyon, bay yon lòt kopi Avi DSHS sou Pratik Sekre Enfòmasyon, oswa voye pasyan an ba ofisye divilgasyon piblik la pou inite ou a

#### SIYATI:

- **Pasyan:** Fè kliyan an oswa yon timoun ki gen laj pou bay konsantman (13 zan pou sante mantal ak pou sèvis pou abi dwòg ak alkòl; 14 zan pou VIH/SIDA ak lòt STD; nenpòt laj pou metòd kontraseptif ak avòtman; 18 tan pou dosye swen sante ak pou lòt dosye) siyen kaz sa a, epitou mete dat siyati a. Pasyan an ka ranplase yon mak ou te temwen nan kaz sa a.
- **Kontak Ajans oswa Temwen:** W ap siyen nan kaz sa a si ou se moun ki prezante ak eksplike fòm nan pou kliyan an. Tanpri mete nimewo telefòn ou. Si pasyan an ap siyen fòm nan deyò yon lokal biznis, bay pasyan an enstriksyon pou fè yon temwen siyen blòk sa a, epitou bay yon nimewo telefòn. Yon notè piblik ka sèvi kòm yon temwen pou yon siyati yon pasyan.
- **Paran oswa Lòt Repezantan:** Si pasyan an se yon timoun ki poko gen laj pou bay konsantman, yon paran oswa yon responsab legal fèt pou siyen. Si timoun nan pa gen laj pou bay konsantman pou yo divilge tout dosye yo, timoun nan ak paran an fèt pou siyen. Si yo deklare pasyan an entatad legalman, tribinal ki deziyen responsab legal la dwe siyen ak bay yon kopi lòd deziyasyon an. Si yon moun siyen nan yon lòt kapasite (tankou yon moun ki gen pwokirasyon oswa yon repezantan byen, make "lòt" epi jwenn yon kopi otorizasyon legal pou pran desizyon an. Moun ki siyen an dwe mete dat pou siyati a, epitou li dwe bay yon nimewo telefòn oswa enfòmasyon kontak.